

Jwenn Swen Sante San Ou Pa Bezwen Pè

Ou gendwa gen preyokipasyon akòz Chaj Piblik la, men pa kite sa anpeche w jwenn swen sante!

NYC Health + Hospitals pran angajman pou l ede w jwenn swen sante ou merite. Konseye finansye nou yo ansanm ak patnè jiridik nou yo kapab reponn kesyon ou yo epi eksplike si règ sou chaj piblik la aplikab pou ou.

	Enpak akòz Chaj Piblik	Etap Ou Kapab Fè
Resevwa swen sante nan NYC Health + Hospitals.	Resevwa swen sante se pa yon avantaj piblik règ chaj piblik la te idantifye. Si règ chaj piblik la aplikab pou ou, lè ou pran swen sante w kounye a, sa kapab ranfòse aplikasyon imigrasyon w lan pi devan.	 Jwenn swen san ou pa bezwen pè!
Medicaid	Anpil imigran, ki gen ladan moun ki gen azil, refijye, sèten viktim vyolans ak moun ki deja gen kat rezidans (grinkad) pa konsène pou règ chaj piblik la. Aksyon Difere pou Moun ki Te Rive Lè yo te Timoun (DACA) ak moun ki benefisye Eitati Pwoteksyon Tanporè yo (TPS) kalifye pou Medicaid Eta a finanse, ki pa yon avantaj piblik règ chaj piblik la idantifye.	 Pifò abitan New York ki kalifye pou Medicaid kapab enskri san yo pa enkyete yo de chaj piblik la. Jwenn vrè enfòmasyon konsènan sitiyasyon imigrasyon ou lè ou rele nan LegalHealth: 212-659-6188.
Medicaid pou ljans, Medicaid pou Fanm ki Ansent, Plan Esansyèl, Child Health Plus oswa yon Plan Sante Kalifye	Sa yo se pa avantaj leta bay ke règ chaj piblik la te idantifye. Yo p ap penalize paran yo si pitit yo ki sitwayen ameriken (sitizenn) enskri nan Child Health Plus oswa pou lòt avantaj.	 Enskri san ou pa bezwen pè!
NYC Care oswa H+H Options	NYC Care ak H+H Options pa avantaj leta bay ke règ chaj piblik la idantifye.	 Enskri san ou pa bezwen pè!

Si w pa konnen ki tip pwoteksyon asirans sante ou genyen, rele plan sante w oubyen Sant kontak NYC Health + Hospitals la nan 844-NYC-4-NYC (844-692-4692).

Si ou panse oumenm oswa yon moun nan fanmi gendwa enpakte, rele nimewo Chaj Piblik LegalHealth la nan 212-659-6188 pou jwenn yon konsiltasyon gratis ak sekrè sou dosye imigrasyon w.

CHAJ PIBLIK: Èske Li Aplikab Pou Mwen?

Oumenm ansanm ak fanmi w nou gen **grinkad**.



Règ chaj piblik la PA aplikab eksepte si ou pa te nan peyi a pandan plis pase 6 mwa.

W ap aplike OSWA ou deja antre nan you nan nan kategori sa yo: **Sitwayènte Amerikèn, viza T oswa U, azil, refijye, imigran jivenil espesyal, moun ki fè yon demann pou tèt pa yo sou baz Lwa sou Vyolans kont Fanm lan (VAWA).**



Règ chaj piblik la PA aplikab pou ou.

Ou kapab kontinye itilize nenpòt pwogram leta ou kalifye pou li. Avantaj ou resevwa pandan ou nan kategori sa a p ap konte kont ou, menmsi ou aplike pou yon grinkad sou yon lòt baz.

Oumenm oswa manm fanmi w gen lentansyon aplike pou yon grinkad, aplike pou yon viza oubyen renouvle yon viza pandan w **anndan** teritwa Etazini.



Mande yon konsiltasyon pou imigrasyon nan LegalHealth: 212-659-6188

Gen chans toujou pou tès chaj piblik la pa aplikab pou ou oswa tès la gendwa pa aplikab pou avantaj leta ba w oswa moun nan fanmi w yo.

Oumenm oswa manm fanmi w gen lentansyon aplike pou yon grinkad, aplike pou yon viza oubyen renouvle yon viza pandan w **andeyò** teritwa Etazini.



Mande yon konsiltasyon pou imigrasyon nan LegalHealth: 212-659-6188

Biwo konsila ameriken aletranje itilize diferan règ chaj piblik pou pran desizyon. Jwenn yon konsiltasyon pou imigrasyon ak yon pwofesyonèl epi kontakte biwo konsila ameriken aletranje a.

Si w pa konnen ki tip pwoteksyon asirans sante ou genyen, rele plan sante w oubyen Sant kontak NYC Health + Hospitals la nan 844-NYC-4-NYC (844-692-4692).

Si ou panse oumenm oswa yon moun nan fanmi gendwa enpakte, rele nimewo Chaj Piblik LegalHealth la nan 212-659-6188 pou jwenn yon konsiltasyon gratis ak sekre sou dosye imigrasyon w.

Sa a se pa yon konsèy jiridik.

Haitian Creole